

**MAKNA SIMBOLIK LAN PIWULANG LUHUR SALEBETING  
TRADHISI RASULAN ING DHUSUN GARIT, DESA PENDEM,  
KECAMATAN MOJOGEDANG, KABUPATEN KARANGANYAR**



**SKRIPSI**

Dipunserat Minangka Jejangkeping Saperangan Syarat Salebeting Nggayuh Gelar  
Sarjana Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Dening:

Roviky Nur Halawaty

NIM 2150900003

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN**

**UNIVERSITAS VETERAN BANGUN NUSANTARA**

**SUKOHARJO**

**2025**

## SASANTI

“Panjining Sangkan Paraning Dumadi”

Kaluhuraning manungsa ingkang saged mangertosi asal-usulipun (sangkan) saha ancas  
gesangipun (paran) minangka titahing Gusti.



## ATUR PISUNGSUNG

Skripsi punika kula atur pisungsung dhumateng:

1. Tiyang sepuh kula, Bapak Sutaryo saha Ibu Sriyani ingkang tansah satuhu kula tresnani saha tansah paring kinasih tanpa tinulis awit saking kula alit dumugi wekdal punika.
2. Adhik-adhik kula Muhammad Hafizuddin Rasyad lan Putra Nanda Aliefiyan ingkang sampun paring *motivasi*.
3. Kanca-kanca PBSB 2021, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo.
4. Almamater kula, Universitas Veteran Bangun Nusantara.



## ATUR PAMBUKA

Puji syukur dhumateng ngarsanipun Allah SWT, ingkang sampun paring rahmat saha hidayah, satemah saged mujudaken skripsi kanthi irah-irahan “Makna Simbolik lan Piwulang Luhur Salebeting Tradhisi Rasulan Ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar” kanthi lancar lan boten wonten pepalang setunggal punapa.

Sampun dados kewajibanipun mahasiswa kangge damel skripsi minangka syarat gayuh gelar Sarjana Pendhidhikan ing Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendhidhikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo.

Panyeratan skripsi punika saged dipunwujudaken awit panyengkuyung sedaya wiwit purwa dumugi purnaning skripsi punika. Kanthi raos syukur, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Ibu Prof. Dr. Farida Nugrahani, M.Hum., minangka Rektor Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring *fasilitas* kangge ngangsu kawruh wonten ing kampus.
2. Bapak Dr. Singgih Subiyantoro, S.Pd., M.Pd., minangka Dekan Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendhidhikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring ijin nindakaken panaliten skripsi punika.
3. Ibu Tri Widiatmi, S.Pd., M.Pd., minangka Pangarsa Program Studi Pendhidhikan Bahasa dan Sastra Daerah Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring panuntun satemah panyeratan skripsi punika saged purna.
4. Bapak R. Adi Deswijaya S.S., M.Hum., minangka Dosen Pembimbing ingkang sampun paring kawruh lan panuntun dhateng panaliti anggenipun nyerat skripsi punika.
5. Ibu Pradnya Paramita, S.S., M.Pd., minangka Penguji ingkang sampun paring kawruh lan panuntun salebeting panyeratan skripsi.

6. Sedaya Dosen saha Staff Karyawan Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo ingkang sampun paring kawruh dhumateng panaliti.
7. Bapak Citro Wiyono Ijan, minangka sesepuh Dhusun utawi juru kunci. Ingkang sampun kersa dados *informan* kangge panaliten.
8. Bapak Sunarto, minangka pendiri kesenian reog Panji Rogo ingkang sampun dados *informan* kangge panaliten.
9. Bapak Suyatno, minangka ketua RT ingkang sampun dados *informan* kangge panaliten.
10. Kanca-kanca Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah 2021 ingkang sampun paring *semangat*.
11. Maelinda lan Indra ingkang sampun paring *support* saha sampun biyantu anggenipun damel skripsi.
12. Sedaya ingkang sampun paring pambiyantu dhumateng panaliti satemah skripsi punika saged purna.

Panaliti mangertosi bilih skripsi punika taksih dereng sampurna, pramila pamrayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingah ing manah. Ing mekaten panaliti bingah sanget nampi *kritik*, pamrayogi saha panyaruhe kangge kesaenan skripsi punika. Ing wasana, kanthi raos syukur panaliti gadhah pangajab bilih skripsi punika anggadahi paedah kangge sedaya ingkang maos.

Sukoharjo, 28 Agustus 2025

Roviky Nur Halawaty

## **ABSTRAK**

**ROVIKY NUR HALAWATY. NIM 2150900003. Makna Simbolik dan Piwulang Luhur Salebeting Tradhisi Rasulan Ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar.** Skripsi: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo 2025.

Penelitian ini berlatar belakang kebudayaan tradisional khususnya upacara tradisi. Dalam penelitian ini membahas tentang tradisi rasulan di Dusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar yang dilaksanakan setahun sekali tepatnya setelah panen raya atau di bulan Agustus. Tujuan dari penelitian ini adalah untuk mendeskripsikan makna simbolik dan nilai pendidikan dalam tradisi rasulan. Penelitian makna simbolik dan nilai Pendidikan dalam tradisi rasulan di Dusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar ini mengkaji tentang tatacara, *ubarampe*, makna simbolik dan nilai pendidikan yang terkandung dalam tradisi rasulan. Jenis penelitian ini adalah kualitatif deskriptif untuk menguraikan dan menggambarkan prosesi, makna simbolik serta nilai pendidikan yang terkandung dalam tradisi rasulan. Teknik pengumpulan data yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode observasi, wawancara, dokumentasi. Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa dalam tradisi rasulan memuat prosesi, makna simbolik dan nilai pendidikan. Tradisi ini merupakan tradisi yang dilakukan untuk menunjukan rasa bersyukur kepada Tuhan Yang Maha Esa karena telah diberikan hasil panen yang baik dan melimpah.

Kata kunci : tradisi rasulan, makna simbolik, nilai Pendidikan.

## SARINING PANALITEN

**ROVIKY NUR HALAWATY. NIM 2150900003. Makna Simbolik lan Piwulang Luhur Salebeting Tradhisi Rasulan Ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar.** Skripsi: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo 2025.

Panaliten punika anggadhahi larah-larahing panaliten babagan kabudayan tradhisional mliginipun upacara adat. Panaliten punika ngrembag babagan tradhisi rasulan wonten ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar ingkang dipunlampahi setaun sepindah sabibaripun panen raya utawi ing sasi Agustus. Panaliten punika anggadhahi ancas kangge ngandharaken makna simbolik lan piwulang luhur salebeting tradhisi rasulan. Panaliten makna simbolik lan piwulang luhur salebeting tradhisi rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar punika naliti babagan lampahaning, ubarampe, makna simbolik saha piwulang luhur kakandhut salebeting tradhisi rasulan. Jinis panaliten inggih punika panaliten *kualitatif deskriptif* kangge ngandharaken lan gambaraken lampahan, makna simbolik saha piwulang luhur salebeting tradhisi rasulan. Cara ngempalaken dhata ingkang dipun-ginakaken wonten ing panaliten punika kadosta metodhe *observasi, wawancara, dokumentasi*. Asiling panaliten punika nedahaken bilih tradhisi rasulan ngemot lampahan, ubarampe, makna simbolik lan piwulang luhur. tradhisi punika minangka tradhisi ingkang dipuntindakaken kangge mujudaken raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos, amargi sampun dipunparingi asil panen ingkang sae lan kathah.

Wosing tembung : tradhisi rasulan, makna simbolik, piwulang luhur.

## BAB I

### PURWAKA

#### A. Larah-larahing Panaliten

Indonesia inggih punika negara ingkang anggadhahi maneka warna kabudayan, kanthi kasebar wonten ing tlatah Indonesia dipunasilaken dening manungsa wonten salebeting pabrayan. Dumados saking jinis kabudayan, tradhisi saha kesenian ingkang taksih nglestantunaken dumugi samangke. Saben pabrayan anggadhahi ciri ingkang beda, ancasipun nuduhaken *identitas* kangge bedakaken tradhisi satunggal kaliyan tradhisi sanesipun.

Salah satunggaling pabrayan wonten ing Indonesia ingkang taksih nguri-uri kabudayan inggih punika pabrayan Jawi. Pabrayan Jawi minangka pabrayan ingkang wiyar, awujud kabudayan taksih kenthel amargi taksih dipunlampahi. Budaya, tradhisi saha kesenian dipunpengaruhi dening perkawis-perkawis, inggih punika lair amargi adat istiadat salebeting pabrayan, warisanipun saking leluhur ingkang dipunlestantunaken, adhedhasar pasarujukan pabrayan ingkang pitados dening pabrayan Jawi lan kabudayan, tradhisi saha kesenian tuwuh adhedhasar pagesangan sosial (Avriliani, 2022).

Manungsa lan kabudayan minangka dwi tunggal amargi boten saged dipunpisahaken, menawi wonten sakempalan manungsa ateges ing panggenan punika wonten kabudayan ingkang dipunasilaken. Miturut Abdurrohman (2016:27) kabudayan minangka wujud asil yasan ingkang dipunabadekaken dening pabrayan lan awujud tandha-tandha pagesangan. Wujud asil yasan kasebat saged dipunwedhar dados maneka warna tradhisi.

Tradhisi kaliyan kabudayan punika pakulinan ingkang sampun dipuntindakaken wiwit jaman rumiyin saha sampun dados perangan gesanging pabrayan. Saben pakulinan ingkang dipunlampahi dening

manungsa boten saged uwal saking makna simbolik utawi tandha-tandha salebeting kabudayan. Pakulinan kasebat menawi boten dipuntindakaken saged damel icalipun kabudayan. Tradhisi saha kabudayan punika badhe ical dening jaman *modern*, salah satunggaling perkawis ingkang njalari lestantunipun kabudayan kangge generasi wekdal punika inggih punika budaya *globalisasi*. Kangge generasi salajengipun kedah nguri-uri kabudayan ingkang sampun wonten dening pabrayan supados boten sirna. Salebeting tradhisi punika wonten tatacara upacara adat ingkang kedah dipunlampahi dening pabrayan amargi tradhisi punika warisanipun para leluhur ingkang turun-tumurun.

Pagesangan tumrapping pabrayan Jawi, mliginipun ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar taksih ngawontenaken tradhisi inggih punika tradhisi rasulan. Tatacara salebeting tradhisi rasulan punika wonten maneka warna, ateges saben tatacara anggadhahi ancas piyambak-piyambak. Ananging salebeting tradhisi kasebat boten sedaya pabrayan mangertosi makna simbolik lan piwulang luhur saking lampahaning tradhisi rasulan.

Salebeting tradhisi rasulan punika, pabrayan Dhusun Garit nglestantunaken kangge raos syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Esa ingkang sampun paring asil panen ingkang sae, punika dados piwulang luhur salebeting tradhisi rasulan. Sanesipun kangge ngormati para leluhur, mliginipun wonten ing pundhen Dhusun Garit ingkang dipunpitados saged paring kasarasan, karaharjan saha dipunsingkiraken saking rubeda. Pundhen punika dening salebeting pabrayan dipunsebat pundhen Eyang Besur, pramila wonten ing tradhisi punika dadosaken makna simbolik ingkang bedakaken kaliyan tradhisi sanesipun.

Tradhisi rasulan punika dipunlampahaken supados pinaringan rahayu, tentrem, kasarasan saha dipunlancaraken rijekinipun dumugi *generasi* salajengipun. Tradhisi kasebat dipunlampahaken setaun sepisan sabibaripun panen raya utawi ing sasi Agustus, lan adatipun dipuntindakaken saben dinten Jum'at Kliwon, amargi dinten kasebat

dipunpitados dinten ingkang sae lan dinten kasebat wekdalipun dhanyang utawi wekdalipun pepundhen ing Dhusun Garit inggih punika pundhen Eyang Besar, dados kedah dipunlampahi dumugi samangke. Lelampahaning tradhisi rasulan punika boten namung awujud bancakan kemawon ananging ugi kairingan paglaran *kasenian* awujud reyog.

Anggenipun panaliti kepengcut nindakaken panaliten tradhisi rasulan punika amargi nggadhahi kaunikan ingkang mbedakaken kalihan tradhisi rasulan ing laladan sanesipun. Unikipun wiwit ing babagan urutan lampahipun tatacara lan ubarampenipun. Tradhisi punika kawiwitan tatacara tirakatan ing malem rasulan kanthi nglampahaken tatacara bancakan wiwit enjing ing panggenan pundhen Eyang Besar, kalajengaken ing sendhang lan panggenan sesepuh dhusun, tuwin dipunpungkasi kanthi tatacara kesenian reyog ingkang dipunsebat reyog Panji Rogo. Ubarampe ing salebetipun tatacara bancakan kadosta: tumpeng, binatang, jangan lombok, srundeng, krupuk abrit, rempeyek, tahu, tempe, mie goreng, golong, dupa, kemenyan lan sekar sajak ngandhut wredhi tumraping panggesangan.

Panaliten punika kaajab saged muwuhi kawruh dhateng pabrayan saha atur uninga bilih tradhisi rasulan punika boten namung nindakaken piwulang-piwulang luhur, ananging saged nyukani kawruh babagan makna saha piwulang ing salebeting tradhisi rasulan. Adhedhasar ingkang sampun dipunjlentrehaken ing nginggil kalawau, pramila panaliti mendhet panaliten kanthi irah-irahan “Makna Simbolik lan Piwulang Luhur Salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.

## B. Thinthinganing Perkawis

Adhedhasar larah-larahipun panaliten ingkang kaserat wonten nginggil, dipunpangguhaken thinthinganing perkawis ing panaliten punika ing antawisipun:

1. Lampahan Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
2. Ubarampe salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
3. Makna simbolik salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
4. Piwulang luhur salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
5. Kapitadosan pabrayan Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar dhateng Tradhisi Rasulan

## C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar larah-larahipun panaliten seratan ing nginggil, tradhisi rasulan ingkang badhe dipuntaliti wonten ing panaliten punika, watesaning perkawis dipundhudah ing ngandhap punika:

1. Lelampahaning tradhisi rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
2. Makna simbolik salebeting ubarampe tradisi rasulan wonten ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
3. Piwulang luhur wonten ing tradisi rasulan Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.

#### **D. Underaning Perkawis**

Underaning perkawis dipundhasari saking thinthinganing perkawis kaliyan watesaning perkawis ingkang sampun kaserat wonten ing nginggil. Underaning perkawis ingkang dipunpendhet salebeting panaliten antawisipun:

1. Kadospundi lelampahing Tradhisi Rasulan Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar?
2. Kadospundi makna simbolik salebeting ubarampenipun Tradhisi Rasulan Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar?
3. Kadospundi piwulang luhur salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Ancasing panaliten jumbuh kaliyan underaning perkawis wonten nginggil, ing antawisipun:

1. Ngandharaken lelampahaning Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
2. Ngandharaken makna simbolik salebeting ubarampe wonten ing Tradhisi Rasulan Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.
3. Ngandharaken piwulang luhur ing salebeting Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit, Desa Pendem, Kecamatan Mojogedang, Kabupaten Karanganyar.

#### **F. Paedahing panaliten**

Paedahing punika saged dipunpendhet saking panaliten ingkang dipunperang dados kalih, inggih punika paedah *teoritis* saha paedah *praktis*.

## 1. Paedah *Teoritis*

Panaliten punika dipunajab sageda muwuhi ing teori kabudayan katitik objek wonten panaliten punika awujud tradhisi rasulan, ugi sageda muwuhi teori semiotik amargi ingkang dipundhudhah ing panaliten punika awujud makna simbolik lan piwulang luhur salebeting tradhisi rasulan.

## 2. Paedah *Praktis*

### a. Kangge panaliti

Asilipun panaliten saged dipundadosaken pancadan kangge panaliten salanjengipun, magepokan *disiplin ilmu* sanesipun ingkang saged dipun dhudhah ing salebeting tradhisi rasulan punika.

### b. Kangge pabrayan

Asilipun panaliten punika sageda muwuhi kawruh pabrayan babagan makna-makna simbolik lan piwulang luhur wonten salebeting tradhisi rasulan.



## G. Tatacara panyeratan

Tatacara panyeratan ingkang dipun-ginakaken panaliti supados langkung mangertos bab dumugi bab salebeting panaliten punika antawisipun:

**BAB I** : Purwaka ingkang surasanipun thinthinganing perkawis, watesaning perkawis, underaning perkawis, ancasing panaliten, paedahing panaliten, tatacara panyeratan

**BAB II** : Landhesaning *teori* ingkang surasanipun ngrembag antawisipun babagan (kabudayan, tradisi, rasulan, ubarampe, makna simbolik lan piwulang luhur), panaliten ingkang jumbuh, saha cengkoronganing pamikir.

**BAB III** : *Metode* panaliten ingkang surasanipun ngrembag jinis lan *pendekatan* panaliten, papan lan wekdal panaliten, dhata lan tukung dhata, cara ngempalaken dhata, cara pamriksan dhata, saha cara nganalisis dhata.

**BAB IV** : Asil panaliten lan andharan

**BAB V** : Dudutan, *implikasi* lan panrayogi

**PRATELANING PUSTAKA**

**SIMPINGAN**

## BAB II

### LANDHESANING *TEORI*

#### A. Landhesaning *Teori*

##### 1. Kabudayan

Kabudayan punika anggadhahi teges kapitadosan, kesenian, *moral, hukum, adat istiadat* saha kaprigelan-kaprigelan sanesipun (Abdullah, 2014). Miturut Fauzi (2022) kabudayan punika asil saking *produksi* manungsa ing salebeting pabrayan, ingkang anggadhahi ciri khas piyambak-piyambak.

Kabudayan punika kasungsun wonten salebeting pagesangan pabrayan lan patrap ingkang kedah dipunwujudaken kanthi cara pasinaon (Koentjaraningrat, 1990:180). Kabudayan sejatosipun sampun wonten wiwit jaman rumiyin lan dipunwarisaken saking para leluhur dumugi samangke, kanthi wujud lan jinis ingkang saben pabrayan maneka warna, ananging, kanthi wontening kabudayan ing saben pabrayan saged dadosaken simbol piyambak-piyambak wonten ing salebeting pabrayan.

Kabudayan minangka wujud pamikir, patrap saha asil yasan manungsa ing pagesangan *sosial* ingkang dipun-gadhahi manungsa (Koentjaraningrat, 1983). Miturut pemanggihipun Soekanto (2013) ngandharaken bilih *hakikat* kabudayan menika dhasaripun anggadhahi ciri ingkang dipunperang dados 4, inggih punika:

- a. Budaya tuwuh lan dipuntularaken dening lakon manungsa.
- b. Kabudayan tuwuh saderengipun manungsa lan boten saged musna.
- c. Manungsa betahaken kabudayan lan kawujudaken dening pakulinan.

- d. Patrap ingkang dipuntampi lan dipuntolak, patrap ingkang dipunlarang lan dipunidini.

Kabudayan ingkang dipunandharaken miturut ahli ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih kabudayan menika saged dadosaken simbol wonten salebeting pabrayan, ewasamanten kabudayan punika dhasaripun anggadhahi ciri piyambak-piyambak, ingkang sampun wonten wiwit jaman rumiyin.

## 2. Tradhisi

Pabrayan Jawi minangka salah satunggaling suku ing Indonesia ingkang taksih nguri-uri maneka warna tradhisi dumugi samangke (Permatasari, 2018:6). Miturut Koentjaraningrat (1990:146) tradhisi minangka pakulinan ingkang sampun wonten ing jaman rumiyin saha kalebet pagesangan *sosial*. Tumrapipun pabrayan Jawi taksih ngawontenaken tradhisi ingkang taksih dipunlestantunaken, dipunpitados lan ngrembaka kanthi anggadhahi sikapipun, pamanggih lan cengkoronganing pamikir pabrayan ingkang nindakaken tradhisi kasebat. Tradhisi-tradhisi ingkang sampun ngrembaka dadosaken *sumber* ing pabrayan saha saged dipunwastani minangka wujud kabudayan inggih punika asiling *kreatifitas*, rasa lan *inisitif* manungsa kangge pagesangan ingkang aslinipun saking pabrayan.

Miturut Purwanto (2007:65) ngandharaken bilih tradhisi inggih punika patrap saha pakulinan manungsa gesang ing pabrayan, ingkang wonten gegayutanipun kaliyan babagan kawruh, kapitadosan, moral, *hukum* lan adat-istiadat. Pangertosan ingkang langkung cekak, tradhisi inggih punika warisan saking para leluhur ingkang sampun dipunlampahi kanthi turun-temurun, ingkang wujudipun kathah lan sumebar wonten ing pabrayan.

Miturut pamanggih ahli saged kadudut bilih tradhisi ing pabrayan Jawi punika dipunlampahi kanthi turun-temurun ingkang sampun ngrembaka lan dados pakulinan ing pabrayan.

### 3. Rasulan

Tembung rasulan wiwitipun saking basa Arab inggih punika “*rasulullah*” utawi kapitadosan (Gunawan, 2023). Rasulan limrahipun dipunlampahaken saben tahun sepisan sabibaripun panen *raya*, rasulan saged dipunsebat reresik Dhusun, merti Dhusun lan sanesipun. Tradhisi rasulan dhasaripun kalebet kabudayan ingkang taksih dipunlestantunaken dumugi samangke. Rasulan saben pabrayan anggadhahi makna saha tatacara piyambak-piyambak ingkang beda, ananging anggadhahi ancas ingkang sami inggih punika raos syukur dhumateng ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun paring nikmat saha rahmat.

Tradhisi rasulan ingkang dipunlampahaken saben pabrayan beda, tuladhanipun ing saking upacara slametan, kesenian saha bancakan utawi kenduri. Ubarampenipun saben pabrayan anggadhahi ancas piyambak-piyambak. Tradhisi rasulan anggadhahi 2 teges inggih punika panyengkuyungan ingkang dipunlampahaken dening pabrayan lan nyuguhaken asil panen. Rasulan saged dipuntegesi minangka wujud pahargyan tradhisional sabibaripun panen ingkang dipuntindakaken dening pabrayan. Miturut Isfironi (2014:69-109) rasulan punika saged dipunwastani merti utawi reresik dhusun ingkang anggadhahi ancas kangge nyuwun karahayon lan ngluwari rubeda sedaya pabrayan ingkang tumut wonten ing tatacara punika.

Saking andharan pangertosan miturut pamanggihipun ahli, saged dipundudut bilih rasulan punika pakaryan ingkang dipunlampahaken dening pabrayan ingkang dipunpitadosi paring

karahayon lan raos syukur amargi sampun kaparingan asil panen ingkang sae.

#### 4. Ubarampe

Miturut Damayanti (2014:2), ubarampe salebeting tradhisi boten namung dados jejangkep, ananging maneka warna jinis ubarampe anggadhahi teges piyambak-piyambak lan minangka warisanipun turun-tumurun saha saged ateges wujud raos syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Agung.

Ubarampe inggih punika pirantos sedhekah lan anggadhahi ancas minangka sarana komunikasi kaliyan lelembut miturut pemanggihipun Sholikin (2011:180). Ubarampe kalebet perangan wonten salebeting tradhisi, ateges menawi boten wonten ubarampe, tradhisi dipunlampahaken boten kanthi lancar amargi boten wonten piranti ingkang dipun-ginakaken minangka sarana ing tradhisi kasebat. Ubarampe ing saben tradhisi lan pabrayan anggadhahi jinis beda-beda, kadosta tumpeng, kembang setaman, binatang lan sanesipun. Ananging saben pabrayan beda, pramila boten ngowahi ancasipun wiwitan ubarampe.

Saking pamanggih ahli punika saged dipunpendhet dudutan bilih ubarampe punika minangka perangan ingkang wigatos wonten ing satunggaling tradhisi mliginipun tradhisi rasulan ingkang wujudipun maneka warna, lan anggadhahi ancas piyambak-piyambak.

#### 5. Makna simbolik

Makna Simbolik punika wujudipun boten langsung, wonten pesen-pesen ingkang boten ketingal satemah gumantung kaliyan *intrepetasi individu* (Sindung Haryanto, 2013:304). Miturut Endraswara (2018:105) ngandharaken bilih simbol utawi lambang punika satunggaling perkawis kadosta tandha ingkang ngemot makna tartamtu.

Makna simbolik ingkang dipunpendhet ing panaliten punika saking *teori semiotik* Roland Barthes. Miturut Barthes, (salebeting Sobur, 2009) semiotik ingkang dipunsinaoni, kadospundi manungsa negesi perkawis-perkawis. Negesi saged ateges *objek-objek* punika boten saking *informan* setunggal, ananging saged saking *informan* sanesipun ingkang nggatekaken *sistem terstruktur* saking tandha.

Barthes (salebeting Kurniawan, 2001) punika *mengsignifikasi semiotik* dados sedaya proses ingkang ngginakaken *susunan terstruktur*. *Signifikasi* boten awujud basa kemawon, saged awujud sanesipun mliginipun babagan kabudayan. Barthes nganggepipun kabudayan utawi pagesangan *sosial* dumados *signifikasi*, ingkang awujud sistem tandha piyambak. Barthes (Salebeting Birowo, 2004) ngginakaken *teori significant-signifier* ingkang dipunkembangaken dados *teori metabahasa* lan *konotasi*. Barthes pitados sambetipun *antarpemanda* lan *pertanda* punika boten awujud kanthi *alamiah*, ananging anggadhahi *sifat arbiter*. Teori Saussure nandhesaken *penandaan* salebeting tataran *denotative*, Roland Barthes punika ingkang nyampurnakaken *semiotik* Saussure lan dipunkembangaken sistem penandaan ing tingkat *konotatif*. Barthes ugi nggatosaken *aspek* sanesipun saking *penandaan* inggih punika mitos kangge paring tandha ing pabrayan.

Roland Barthes (salebeting Sobur, 2015:127-130) punika damel model *sistematis* ingkang nganalisisipun makna saking tandha-tandha, *Fokus* Barthes punika dipuntuju saking gagasan babagan *signifikasi* kalih tahap (*two order of signification*). Signifikasi punika, ing antawisipun:

### **1. Denotasi**

Miturut pemanggihipun Barthes, denotasi inggih punika makna ingkang awujud nyata saking tandha. Denotasi saged ateges *tatanan* ingkang nggambaraken *relasi antarpemanda* lan *petanda*

wonten salebeting tandha saha antawisipun tandha kaliyan *referen* sanesipun (salebeting Sobur, 2015:128).

## 2. *Konotasi*

*Konotasi* inggih punika *istilah* ingkang dipun-ginakaken Barthes kangge ngandharaken *signifikasi* ingkang kalebet tahap kaping kalih. Bab menika nggambaraken *interaksi* kadadeyan tandha kaliyan pangrasa saking pamaos sarta *nilai-nilai* saking kabudayan. *Konotasi* anggadahi makna ingkang *subjektif* utawi *intersubjektif*. Pangertosan kalawau ngandharaken *interpretant* dipundayani saking kathahipun *penafsir* lan *objek* utawi tandha (salebeting Fiske, 1990:88).

## 3. *Mitos*

Barthes ngginakaken mitos minangka kapitadosan, kapitadosan kasebat dipunginakaken kangge mangertosi kadospundi *aspek* saking *realitas* lan *alam*. *Aspek* sanesipun saking mitos ingkang dipunnandhesaken Barthes inggih punika *dinamisme*. Miturut Barthes mitos inggih punika cara saking kabudayan *mengonseptualisasikan* utawi mangertosi bab tartamtu (salebeting Sobur, 2015:128-130). Makna simbolik miturut Roland Barthes punika saged dipun-ginakaken panaliti bedakaken simbol-simbol salebeting tradhisi rasulan.

Mligi wredi ing salebeting simbol ubarampe Tradhisi Rasulan ing Dhusun Garit saged katuladhakaken kados ing tabel ngandhap punika.

| <i>Penanda</i> | <i>Petanda</i>                                       |                   |                                             |
|----------------|------------------------------------------------------|-------------------|---------------------------------------------|
|                | <i>Denotasi</i>                                      | <i>Konotasi</i>   | <i>Mitos</i>                                |
| Srundeng       | Tetedhan ingkang dipundamel saking klapa anem.       | Simbol prasaja    | Kapribaden manungsa ingkang legawa.         |
| Krupuk abrit   | Krupuk warni abrit dipundamel saking adonan glepung. | Simbol greget     | Wujudipun pangajeng-ajeng.                  |
| Rempeyek       | Krupuk saking glepung beras dipunsukani kacang       | Simbol kekompakan | Berkah saking bumi lan dados lambang rijeki |

Makna simbolik ingkang dipunandharaken dening Roland Barthes ing nginggil saged kadudut bilih makna *denotasi*, *konotasi* lan *mitos* ingkang wonten satunggaling bab dados dhasar kangge mangertosi *objek* mliginipun ing makna *simbolik* salebeting Tradhisi Rasulan.

## 6. Piwulang luhur

Piwulang luhur punika dipunwastani sedaya babagan ingkang awujud pakulinan ingkang gesang tumrapping pabrayan. Piwulang luhur punika dipunperang dados tigang perkawis dening Endraswara (2003:38-41) ing antawisipun:

- Piwulang luhur antawisipun manungsa kaliyan Gusti.

Manungsa kaliyan Gusti saged dipuntingali nalika manungsa nindakaken kuwajiban dhateng Gusti ingkang Maha Agung inggih

punika dados insan ingkang emut, pasrah saha sumarah. Manungsa minangka titah ingkang dipunciptakaken dening Gusti Inggang Maha Kuwaos menika kedah iman, pitados saha takwa minangka salah satunggaling wujud panuwun dhumateng Gusti. Tegesipun bilih sedaya manungsa ingkang gesang punika kedah nindakaken sedaya dhawuhing Gusti.

b. Piwulang luhur antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanes.

Manungsa punika kedah saged damel raos bombong ing manahipun tiyang sanes, wonten ing salebeting pabrayan. Perkawis punika saged dipunwujudaken kanthi lampahing utawi norma-norma ingkang anggadhahi ancas supados manungsa menika boten daksiya dhumateng tiyang sanes.

c. Piwulang luhur antawisipun manungsa dhateng dhiri pribadi.

Piwulang punika anggadhahi ancas kangge jumbuhaken kaliyan kekajenganipun manungsa. Manungsa nalika gesang wonten ing ngalam donya menika kedah saged meper hawa nepsu, supados boten dadosaken tuna wonten ing dhiri pribadi.

Saking andharan wonten ing nginggil punika, saged dipundudut bilih piwulang luhur ingkang wonten gegayutanipun kaliyan tradhisi rasulan inggih punika sedaya perkawis ingkang karantam wonten ing piwulang luhur anggenipun nglampahaken pagesangan punika.

## B. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten saha asiling pamanggih saking panaliti saderengipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan panaliten punika, kadosta ing ngandhap punika.

1. Skripsi Avriliyani Arief, Fakultas Ilmu Sosial dan Hukum Universitas Negeri Surabaya, warsa 2022 kanthi irah-irahan “*Makna Simbolik Tradisi Megengan Bagi Warga Desa Ngadirojo Ponorogo*”. Skripsi punika ngrembag babagan makna simbolik tradisi megengan ing Desa

Ngadirojo Ponorogo. Asilipun panaliten tradhisi megengan punika nedahaken wonten ing Desa Ngadirojo taksih nindakaken megengan saben taun, ingkang wonten sesajen lan makna simbolik ubarampenipun ing tradisi megengan. Panaliten saking Avriliyani punika jumbuh kaliyan panaliten menika amargi sami-sami ngrembag makna simbolik ananging bedanipun saking *objek* tradhisi ingkang kakandhut.

2. Skripsi Heri Situ Marjianto, Sekolah Tinggi Agama Buddha Raden Wijaya Wonogiri, warsa 2021 kanthi irah-irahan “*Makna Simbolik Tradisi Sedekah Bumi Di Desa Medani Kecamatan Cluwak Kabupaten Pati*”. Panaliten menika ngrembag tatacara tradhisi Sedekah Bumi Di Desa Medani Kecamatan Cluwak Kabupaten Pati ingkang anggadahi ancas *deskripsi* makna simbolik. Asilipun panaliten kasebut nedahaken simbol-simbol salebeting tradhisi sedekah bumi ing Desa Medani Kecamatan Cluwak Kabupaten Pati lan gegayutanipun tradhisi sedekah bumi kaliyan agama Buddha. Bedanipun kaliyan panaliten punika namung babagan *objek* ingkang kakandhut wonten ing panaliten ananging makna simbolik kirang langkung sami kaliyan asil panaliten. Ingkang sami-sami ngginakaken metode panaliten *deskriptif kualitatif* lan *analisis* dhata kanthi kualitatif pramila saged jumbuh kaliyan panaliten.
3. Jurnal Rian Rahmawati dkk, Universitas Garut, warsa 2017 kanthi irah-irahan “*Makna Simbolik Tradisi Rebo Kasan*”. Panaliten punika ngandharaken makna *simbolik* salebeting tradhisi *rebo kasan* ing Kabupaten Garut. Makna simbolik panaliten punika sami-sami ngginakaken teori semiotik saking Roland Barthes ingkang saged dados referensi kangge panaliti. Bedanipun kaliyan panaliten punika babagan *objek* ingkang dipunpendhet wonten salebeting panaliten.

### C. Cengkoronganing Pamikir

Cengkoronganing pamikir inggih punika garis ageng cara pamikir tumrap ing perkawis ingkang dipuntaliti saha dipun-gambar kanthi awujud *bagan*. Pramila panaliti badhe ngandharaken cengkoronganing pamikir wonten ing panaliten antawisipun ing ngandhap punika:

